


Gid pasyan pou **Imino-Onkoloji**



Bagay ou gendwa vle konnen osijè iminoterapi pou kansè

Gid sa a se yon premye etap pou edew konprann:

- **Kijan imunoterapi travay nan kò ou**
- **Kijan eksperyans iminoterapi ou ka ye**
- **Ki èd ak sipò ki disponib pou ou pandan tout pwosesis la**

Aprè ou fin li gid sa a, nou espere w'ap santi ou pi alèz pou:

- **Jwe yon wòl aktif nan tretman ou an**
- **Fè konvèsasyon lib ak sensè ak ekip swen ou an**
- **Esplike moun pwòch ou yo ki sa iminoterapi a ye**

Entwodiksyon

Kisa imino-onkoloji ye?

Ou ka deja abitye ak kèk nan opsyon trètman ki disponib pou kansè, tankou chiriji, chimyoterapi, terapi radyasyon, oswa terapi espesifik.

Gras ak pwogrè nan syans, kounye a gen yon lòt fason pou trete sèten kansè: **imuno-onkoloji (I-O)**, pafwa yo rele **imunoterapi kansè**, oswa tou senpleman **imunoterapi**.

'Imino' nan iminoterapi fè referans ak sistèm iminitè ou. Iminoterapi itilize medikaman ki **gendwa ede pwòp sistèm iminitè kò ou goumen kont kansè**.

Kimoun ki nan ekip swen mwen an?

Ekip swen ou la devwe pou edew pandan pwosesis la. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou yo pou w ka jwenn sipò pou nenpòt pati nan eksperyans ou ak imino-onkoloji a.

Ekip swen santew la fòme ak tout kalite doktè, enfimyè ak pwofesyonèl swen sante ki patisipe nan swen ou. Li gen ladanl tou zanmiw, fanmiw ak moun k'ap bay swen.

Mande onkolojis ou an kimoun ki nan ekip swen paw la.

Ekip swenw la kapab gen ladanl:

- **Onkolojis**, ou yo, **medsen premye swen (PCP)** ou yo, **chirijyen** ou an ak nenpòt lòt **espesyalis** ou konn ale konsilte
- **Enfimyè, estaf oryantasyon trètman** (pafwa yo rele yo enfimyè oswa moun ki oryante pasyan), **famasyen**, oswa **dyetetisyen**
- **Travayè sosyal, konseye, terapris, sikyat, konseye asirans** oswa **finansye**
- **Moun kap bay swen, zanmi, gwoup sipò**, oswa **konseye espirityèl**
- ak **plis toujou**

Ekip swen ou **pi gwo** pase sa oupanse! **Mande mwen ki lòt moun** ki kapab ba w sipò.

Ou pa bezwen pè mande m **ki wòl mwen jwe**.



Mwen kontan poum **esplike ou kijan ekip swen ou an travay ansanm**.

Nou nan sa **ansanm!** Tout kesyon ou yo enpòtan.

Kisa ki nan gid sa a?

PATI 1:

Istwa Imino-Onkoloji a 4

- Yon konparezon ak jaden pou edew konprann imunoterapi
- Sistèm iminitè a ak kansè
- Iminoterapi kòm chwa tretman
- Efè posib iminoterapi a

PATI 2:

Eksperyans ou atravè kansè 27

- Pwosis ou pandan tretman an
- Konprann sivivan kansè
- Byennèt emosyonèl
- Pale ak ekip swen ou epi jwenn plis enfòmasyon toujou

Nan gid sa a, nou te kite espas pou pran nòt epi ekri kesyon ou yo.

Kenbe gid sa a pou referans ou epi sonje pote li nan randevouw yo.

PATI 1

Istwa Imino-Onkoloji a

Seksyon nan Pati 1:

**Yon konparezon ak jaden
pou edew konprann
imunoterapi 5**

**Sistèm iminitè a
ak kansè 11**

**Iminoterapi antanke
chwa tretman 15**


Efè posib iminoterapi a 20

Yon konparezon ak jaden pou edew konprann imunoterapi

Paj sa yo pral prezantew imunoterapi kòm yon kalite tretman kansè. Nou pral sèvi ak analogi kòw kòm yon jaden pou eksplike kijan imunoterapi travay ak ki jan li diferan de lòt tretman.

Paj ki annapre yo pral reponn kesyon sa yo:

- **Kijan imunoterapi ka travay ak sistèm defans mwen pou konbat kansè?**
- **Kijan imunoterapi diferan de lòt kalite tretman kansè?**
- **Kisa ki yon tè biomakè ye ak kijan li gen rapò ak chwa tretman yo?**




Kijan imunoterapi ka travay ak sistèm defans mwen pou konbat kansè?

Imunoterapi gendwa ede pwòp sistèm defans kòw konbat kansè.


Men yon analogi ki esplike konsèp la.

Imajine kò ou tankou yon jaden, tè a ki se sistèm defans ou. Lèw an sante, tè a rich ak byen pran swen, ak jaden an vèt. Nòmalman, tè a kapab anpeche move zèb yo grandi san kontwòl.



Selil kansè yo tankou move zèb nan jaden ou.

Pafwa tè a pèmèt move zèb yo grandi ak gaye, epi byento tout jaden an soufri paske plant ou yo ap goumen pou espas ak eleman nitritif.



Iminoterapi se tankou yon angrè ki kontwole raje yo pou tè a.
Li anrichi tè ki nan jaden an.




Kounye a tè a kenbe raje yo anba kontwòl
epi kapab kenbe jaden an ansante. Men si ou mete twòp angrè, sa gendwa domaje jaden ou an.




Kijan imunoterapi diferan de lòt kalite tretman kansè?

Imunoterapi se yon apwòch inik ki ka **ede sistèm iminitè kòw la konbat kansè**. Pou konprann ki jan imunoterapi diferan de lòt kalite tretman kansè, ann kontinye ak analogi jaden an.


Si kò ou tankou yon jaden, ou menm ak ekip swen santew la pral deside **kijan pou retire move zèb** (selil kansè yo) **pandan w'ap asire bon plant yo** (selil ki an sante yo).




Operasyon (Chiriji) retire gwo plak move zèb ak tè ki antoure yo, ki pafwa ka deranje bon plant epi kite kèk rasin raje dèyè.




Chimyoterapi se tankou flite yon tretman raje jeneral kont move zèb nan tout jaden an. Apwòch sa a ka pa touye tout move zèb, epi li ka fè mal tou ak kèk nan bon plant yo.




Radyasyon se tankou ogmante pouvwa solèy la ak yon louvri pou vize ak seche move zèb yo, men nan pwosesis la, kèk nan bon plant tou ka andomaje.



Avèk **terapi sible**, move zèb yo dirèkteman flite ak trètman kont raje. Bon plant yo ka toujou andomaje.



Olye pou yo vize move zèb yo, **iminoterapi** se tankou ajoute yon angrè pou kontwòle move zèb nan tè a. Angrè sa a anrichi tè a pou ede kontwòle move zèb yo, ki an retou retabli sante nan jaden ou. Men, twòp angrè nan tè a ka domaje jaden ou.



Poze ekip swen santew la kesyon sou diferan chwa tretman ki disponib pou ou.


Kisa yon tèz biomakè ye, epi ki rapò li genyen ak chwa tretman mwen yo?

Ekip swen santew la ka bay lòd pou plizyè tèz pandan tretman kansèw la pou konprann kansèw la pi byen. Gen kèk nan tèz sa yo ke yo rekonèt kòm **tès biomakè**.


Depistaj pou biomakè espesifik yo ka ede gide desizyon tretman lè li bay oumenm ak ekip swen santew enfòmasyon sou fason kòw ap reyaji **kounye a ak tretman an** epi li ka reponn ak **tretman potansyèl pi devan**.

Selon tip kansè ou genyen an, ekip swen ou an gendwa pale de biomakè lè l'ap pale osijè nenpòt chwa tretman pou kansè. Pou konprann kijan yo gendwa itilize biomakè yo, ann kontinye ak analoji jaden an.

Jaden chak moun gendwa gen diferan kalite raje ladann. Epi menmsi raje sa yo gen menm aparans, yo chak gen pwòp karakteristik inik yo ki ta chanje fason yon jadinnye kapab pwosede pou rache yo.



Youn nan fason pou edew chwazi kisa pou itilize pou elimine yon move zèb an patikilye se obsève li pi pre. Fè yon tèz biomakè ta ka tankou rale kèk moso nan move zèb ki soti nan jaden epi ou obsève li pi prè.



Rezilta tèz la gendwa edew ak ekip swen ou konprann pibyen jaden ou ak fason pou eseye kontwole raje yo.




Sistèm defans kò a ak kansè

Paj ki annapre a pral reponn kesyon sila yo:

- **Ki wòl sistèm iminitè (defans kò a)?**
- **Kijan kansè kapab 'twonpe' sistèm defans kò a?**

Gid selil yo

Chèche detekte aktè prensipal sa yo pandan w'ap kontinye fè lekti:



Kisa sistèm defans kò a jwe?


Sistèm defans kò a kapab pwoteje selil ansante yo kont enfeksyon ak maladi, epi li kapab anpeche selil ki pa ansante yo grandi san kontwòl. Ann gade pi pre.

Nòmalmman, ou gen diferan **selil ki ansante yo** nan kò w. Pafwa, kapab gen selil ki pa ansante, tankou **selil kansè yo**.


Sistèm defans kò w konpoze ak anpil selil diferan, ki gen ladan: **selil detektè** ak **selil konbatan yo**.




Selil detektè ak selil konbatan yo deplase toupatou nan kò w pou chèche menas ki soti andeyò kò w tankou **viris** ak **bakteri**, epi menas andedan kò w tankou **kansè**.




Nòmalmman, lè selil detektè yo jwenn menas — tankou selil kansè yo — yo kapab vin **alète**.




Selil detektè ki alète yo pral chèche selil konbatan yo pou yo vin ede. Lè yo jwenn yo, **selil konbatan yo kapab vin aktive.**



Selil konbatan ki aktive yo kapab al chèche, jwenn, atake epi detwi selil kansè yo.




Atravè entèraksyon sa yo, sistèm defans kò a kapab travay pou kenbe kòw ansante. **Sa konn rive andedan kòw tout tan.**




Kijan kansè a kapab “twonpe” sistèm defans kò a?

Selil kansè kapab twonpe sistèm defans kò a. Selil kansè yo kapab chanje fason selil defans kò a reyaji nòmalman ak kansè. Ann gade pi pre.


Selil kansè entèlijan ka chape pou selil detektè pa tekonèt yo. An retou, selil detektè yo pa avèti (alète).



Selil konbatan yo kapab vin dezaktive akòz selil kansè entèjan yo, epi an retou yo pa atake selil kansè yo ankò.



Après yon tan, selil kansè entèlijan yo kapab **chape de selil detektè yo** epi ki **dezaktive selil konbatan yo** kapab kontinye siviv epi grandi pou fòme yon timè.




Iminoterapi antanke yon chwa tretman

Paj ki annapre yo pral reponn kesyon sila yo:

- **Kijan iminoterapi ede sistèm defans kò a goumen kont kansè?**
- **Kisa ki pral rive simwen resevwa iminoterapi ansanm ak yon lòt tretman kansè?**

Gid selil yo

Siveye aktè prensipal sa yo pandan w'ap fè lekti:




Kijan iminoterapi ka ede sistèm defans kò a goumen kont kansè?

Gen diferan tip iminoterapi. Yo tout kapab ede sistèm defans kò a nan divès fason. Ann gade pi pre.

Selil kansè entèlijan yo kapab **chape evite selil detektè yo** epi **dezaktive selil konbatan yo**. An retou, selil kansè sa yo kontinye siviv epi devlope nan fòm yon timè.

Sistèm iminitè ou a **ka bezwen èd pou jwenn ak atake selil kansè entèlijan yo ankò.**




Se lè sa a iminoterapi vin jwe wòl li.


Iminoterapi kapab ede **sistèm defans kò la** goumen kont selil kansè yo. Sepandan, iminoterapi gendwa lakòz tou sistèm defans kò ou domaje selil ansante yo.




Sètèn iminoterapi ede selil detektè yo kanpe selil kansè entèlijan yo pou yo pa chape. Apresa, selil detektè yo kapab vin **alète**.



Lòt imunoterapi **ka ede selil konbatan yo rete aktive**. Selil konbatan aktive yo ka atake selil kansè yo.




Gen rechèch k'ap fè pou wè ki jan nouvo imunoterapi ka ede sistèm iminitèw la konbat kansè.



Kisa ki ka rive si mwen resevwa iminoterapi ak yon lòt tretman kansè?


Gen rechèch kontinyèl sou fason iminoterapi yo ka itilize ak lòt tretman pou konbat kansè. **Anjeneral, lè w pran plis pase yon tretman kansè, ni benefis ak ni risk yo gendwa ogmante.**

Iminoterapi kapab itilize ansanm ak lòt tretman tankou chimyoterapi, radyasyon, chiriji, terapi espesifik ansanm ak lòt iminoterapi.




Yon iminoterapi:

Si ou pran yon tip tretman iminoterapi, sa kapab ede sistèm defans kòw lite kont kansè. Men, li kapab domaje selil ansante yo an menm tan.



De (2) tip iminoterapi ansanm:


Si ou resevwa de (2) tip iminoterapi ansanm, gendwa gen **yon pi gwo chans pou selil defans kò w atake kansè a. Men tou ka gen yon pi gwo chans pou domaje selil ansante yo.**



Iminoterapi avèk chimyoterapi:

Se menm lide ak lè yo itilize iminoterapi ak yon lòt tip tretman kansè.


Ka gen **yon pi gwo chans pou goumen kont kansè a**, men tou **yon pi gwo chans pou domaje selil ki ansante yo**.



Iminoterapi avèk chiriji:


Doktè w gendwa rekòmande pou yo itilize **iminoterapi ak chiriji youn dèyè lòt rapidman**.

Operasyon ka premye tretman an, ki te swiv pa iminoterapi pou ede sistèm iminitèw la atake nenpòt selil kansè ki rete yo ki ka rate pandan operasyon an. Ou ka tande pale de terapi "adjuvan".



Iminoterapi se ka premye tretman pou ede sistèm defans kò a atake kansè a epi fè timè a vin pi piti. **Chiriji ap vini apres a**. Ou gendwa tande yo rele sa terapi "neoadjuvan".

Ou gendwa menm fè operasyon chirijikal la **otou** tretman iminoterapi yo. Doktè w gendwa rele sa terapi "perioperativ".



 **Pale ak ekip swen ou an osijè pibon chwa tretman ki genyen pou ou.**


Efè posib iminoterapi a

Paj ki annapre yo pral reponn kesyon sila yo:

- **Kijan timè mwen pral reyaji ak iminoterapi a?**
- **Kijan iminoterapi lakòz efè segondè?**
- **Ki tip efè segondè posib iminoterapi a ka genyen?**
- **Kisa m'ta dwe fè si mwen gen efè segondè?**

Gid selil yo


Siveye aktè prensipal sa yo pandan w'ap fè lekti:



Kijan timè mwen kapab reyaji ak iminoterapi a?


Timè yo kapab reponn yon fason ki diferan ak iminoterapi a dapre tip iminoterapi a ak fason sistèm defans kò ou an reyaji ak li. Pou sèten moun, iminoterapi kapab ede redwi timè a. Pou lòt moun, timè a gendwa sispann gwosi menmsi li pa vin pi piti. Li posib tou pou timè a pa reyaji ak iminoterapi a ditou.

Pandan vizit lopital oswa nan klinik ou yo, ekip swen ou gendwa itilize eskanè pou siveye pwogrèw.



Après yon pasaj tretman iminoterapi, timè a gendwa sanble **pi piti, menm jan oubyen pi gwo** konpare ak anvan.


Si timèw sanble li pi gwo nan imaj eskanè a, sa pa vle di iminoterapi a p ap mache.




Pou sèten moun ki fè **chiriji anpremye epi iminoterapi apres,** imaj eskanè yo gendwa sanble yo diferan ak imaj ki anlè yo.

Men yon analogi pou esplike poukisa sa ta ka rive.

Imajine yon bèt mòde w, kote po a vin wouj, cho ak anfle nan zòn kote li mòdew la. Sa se yon siy **anflamasyon**, ki akòz **sistèm defans kò w lan reyaji fas ak yon menas, se pa akòz mòde a menm.**



Menm bagay la ta ka parèt nan imaj eskanèw yo. Si iminoterapi a ap mache, **anflamasyon an gendwa rive toutotou timè a** pandan sistèm defans kò a ap vanse pou ansèkle li. Sa kapab fè timè a sanble li pi gwo sou imaj eskanè yo.



Nan lòt ka lè timè a sanble li pi gwo sou imaj eskanè yo, se petèt paske iminoterapi a pap mache epi timè ap grandi. **Chak moun reponn ak iminoterapi yon fason ki diferan.**


Imak eskanè yo se pa sèl fason pou wè si iminoterapi a ap mache. **Ekip swen ou la pral gade tou lòt rezilta tès yo ansanm ak byennèt jeneral ou.**




Kijan iminoterapi lakòz efè segondè?

Efè segondè yo kapab rive paske iminoterapi a gendwa lakòz anflamasyon nan kò a **pi lwen pase zòn timè a**. Sèten efè segondè kapab vin grav oswa menase lavi pasyan an.


Anflamasyon rive lè anpil selil sistèm defans kò a deplase ale nan yon zòn ki blese oswa ki menase pou konbat menas la.



Iminoterapi kapab ede selil defans kòw **atake selil kansè yo**. Sa kapab lakòz anflamasyon toutotou timè a.



Sepandan, iminoterapi kapab lakòz tou selil defans kòw **atake selil ki ansante yo**. Sa gendwa debouche sou anflamasyon otou yon pati nan kò a ki ansante.



Iminoterapi travay sou selil defans kòw yo jwenn toupatou nan tout kò a.

Pou rezon sa a, anflamasyon gendwa rive nenpòt kote nan kòw. Li ka rive tout nenpòt kilè pandan oswa apre trètman ou an.


Iminoterapi travay sou selil defans kòw yo jwenn toupatou nan tout kò a. Se pou rezon sa a, anflamasyon gendwa rive nenpòt kote nan kòw.



Anflamasyon sanble epi sansayon li diferan depandan de kikote li ye nan kò a.

Ou petèt te deja genyen plizyè fwa pou ki anfle, ki sanble tankou pou ki anfle epi ki wouj. Men se pa sèl siy ki genyen. Pa egzanp, anflamasyon poumon yo gendwa sanble plis tankou yon tous.

Anflamasyon po a gendwa sanble plis tankou yon kote ki anfle ak wouj.



Anflamasyon poumon yo gendwa sanble tankou yon tous.



Anflamasyon se pa kòz la sèlman nan efè segondè nan iminoterapi.

Sèten efè segondè iminoterapi a kapab grav oubyen menase lavi pasyan yo. Sèten efè segondè yo **gendwa kòmanse pandan oswa menm apre tretman an fini.**

Si ou eksplike ekip swen ou ki chanjman ou santi, sa pral fè li pi fasil pou yo edew.



Sonje pou swiv tout chanjman ki rive nan kòw, kèlkeswa konbyen tan ki pase depi ou te resevwa swen.

Ki efè segondè posib iminoterapi a ka pwovoke?

Ekip swen ou lan pral gen yon pi bon lide de ki efè segondè ou gendwa genyen. **Mande ekip swen ou yon lis efè segondè pou ou kapab rekonèt yo rapid depi yo parèt.**

Efè segondè ou gendwa resanti yo pral depann de konbinezon trètman w'ap resevwa a ak kijan sistèm defans kò ou an reyaji ak li. Eksperyans tout moun ak efè segondè iminoterapi yo pral diferan.

Sonje, **efè segondè yo kapab rive nenpòt kilè pandan oswa apre iminoterapi a.** Efè segondè sa yo gendwa rive nenpòt ki kote nan kò a epi kèk kapab grav, menase lavi pasyan an epi dire tout lavi li.



Ekip swen santew lan kapab baw yon lis efè segondè ki posib pou iminoterapi espesifik ou an. Pale ak ekip swen ou an osijè tip resous ou kapab itilize pou konprann efè segondè posib yo lè w'ap fè iminoterapi.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen efè segondè?

Li enpòtan pou kenbe ekip swen ou an okouran de kijan ou santiw. Di ekip swen ou lan nenpòt chanjman ki **nouvo, diferan** oswa **ki deranjew**. Swiv de prè sentòm ou yo epi si ou gen yon moun k'ap baw swen pou edew, di yo sa tou.



Se oumenm ki konnen kòw pi byen, epi ou kapab konnen lè w'ap santiw byen oswa mal.

Li gendwa itil pou ekri sentòm yo jan yo parèt, pouw ka **pataje yo ak ekip swen santew la.**

Menm kèk konsèy sou fason ou kapab idantifye, swiv epi rapòte efè segondè ou yo:

- Jwenn yon fason pou swiv sa ki mache pi byen pou ou, tankou yon rejis (journal entim)
- Note kijan ou santiw aprè yon vizit tretman iminoterapi
- Kite ekip swenw lan konnen si ou santi nenpòt chanjman ki nouvo, diferan oswa ki deranjew
- **Di ekip swenw lan osijè de efè segondè yo bonè jan sa posib! Sa gendwa ede yo jere efè segondèw yo pi vit.**



Mwen remake sèten pasyan ezite rapòte efè segondè yo bay ekip swen yo. Konsèy mwen se: **“Pa ezite!”** Nou la pou ede w, epi nou bezwen gen tout enfòmasyon yo nèt pou bay pibon swen ki posib la.

Swiv efè segondèw yo se kle pou kontwole pwogrèw yo.

Doktè mwen te toujou di mwen poum sonje twa (3) bagay konsènan efè segondè yo:

Idantifye efè segondè yo:

Mande ekip swen mwen yon lis efè segondè pou iminoterapi espesifik mwen an.

Swiv efè segondè yo:

Jwenn yon fason pèsònèl pou swiv sa mwen santi sou papye oswa dijitalman. Epi jwenn èd nan men moun k’ap bay mwen swen, si mwen bezwen.

Di ekip swen mwen an sa:

Pa ezite!



PATI 2

Eksperyans ou pandan ou gen kansè

Seksyon nan Pati 2:

**Eksperyans ou pandan
w'ap pran tretman 28**

**Konprann fason pou
siviv kansè 36**

Byennèt emosyonèl 40

**Pale ak ekip swen ou an epi
jwenn plis enfòmasyon 44**

Eksperyans ou pandan tretman an

Paj ki annapre yo pral reponn kesyon ki gen pou wè ak eksperyans sa a anvan, pandan ak apre tretman an.

Anvan tretman an:

- **Ki faktè enpòtan pou mwen dwe konsidere anvan mwen kòmanse yon iminoterapi?**
- **Kikote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon osijè iminoterapi antanke yon opsyon (chwa)?**

Pandan tretman an:

- **Kijan eksperyans tretman iminoterapi mwen an pral ye?**
- **Kijan mwen ka pare pou vizit pou tretman mwen yo?**
- **TELEMEDSIN** (ki gen ladann 4 kesyon)

Apre tretman an:

- **Kijan eksperyans mwen an pral ye apre mwen fini ak tretman mwen an?**

Ki faktè enpòtan pou mwen ta dwe konsidere anvan mwen kòmanse iminoterapi a?

Ou gendwa vle konsidere kèk nan faktè ki annapre yo:


- Ki tip **sipò nan men zanmi ak fanmi** m'ap bezwen pou ede mwen pandan tretman sa a?
- Kijan mwen pral **rive lopital la oswa klinik la** pou vizit tretman mwen yo?
- Èske mwen pral kapab **pran konje nan travay la** si mwen bezwen?
- Kijan mwen kapab kontinye **patisipe nan aktivite yo** ki enpòtan pou mwen?
- Èske mwen pral kapab **peye pou tretman sa a**?

Pale ak ekip swen ou an osijè nenpòt ezitasyon ou gendwa genyen pou kòmanse ak iminoterapi a. **Li enpòtan pou ou gen bonjan konvèsasyon sensè ak ekip swen ou an osijè faktè yo ki enpòtan pou ou.**

Kikote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon osijè iminoterapi antanke yon opsyon (chwa)?

Ekip swen ou an se pi bon sous enfòmasyon ou ka genyen. Yo kapab:

- Reponn **kesyon ou vle poze osijè iminoterapi**
- Rekòmande **resous edikasyon ki fyab**



Lè m 'te fè rechèch sou tretman sou entènèt, mwen te santim trè akable. Li te difisil poum di ki resous ki te otantik, kidonk mwen te pale ak doktè mwen, epi li te ede m jwenn resous ki bon pou mwen.

Kijan eksperyans tretman iminoterapi mwen an pral ye?

Deside pou fè iminoterapi se yon gwo desizyon ou pral pran ansanm ak ekip swen ou an. Eksperyans iminoterapi ou an pral san parèy. Pa bliye iminoterapi gendwa pa mache pou tout moun.

Etap jeneral yon eksperyans iminoterapi se gendwa:

1. Konsidere iminoterapi antanke yon tretman

- **Pale ak doktèw konsènan iminoterapi**, epi kijan li gendwa diferan de lòt chwa tretman kansè ou yo
- Reflechi osijè **faktè lavi** ki enpòtan yo tankou pri, depasman ak angajman tan
- Reflechi si w ap dakò pou:
 - **Pale ak ekip swen ou an** osijè tout efè segondèw yo
 - **Kenbe ekip swen ou an okouran** ak enfòmè osijè santew
 - **Devni yon patnè aktif** ak ekip swen ou pandan tout tretman iminoterapi ou a

Si oumenm ak doktè w deside iminoterapi se bon chwa pou ou, kounya ou prale nan etap 2 ak 3.

2. Devni yon patnèaktif nan tretman ou an

- **Ale nan** tout vizit tretman iminoterapi ou yo
- **Di ekip swen santew kijanw santiw**, ki gen ladanl bagay ki kapab nouvo, diferan oswa deranjew.
- **Fè tès medikal** pou siveye pwogrèw ak efè segondè posib ou yo

3. Siveye sante w

- **Kenbe tras de sante jeneral ou ak byennèt, ki gen ladan nenpòt efè segondè**
- Pale ak moun toutotouw osijè **tip èd ou gendwa bezwen**

Doktè m ansanm avèk mwen nou fòme yon ekip. Lè nou te diskite iminoterapi pou premye fwa, nou te pale osijè efè segondè yo, tankou faktè lavi ak tès ki te dwe fèt anvan mwen te deside pran tretman an.



Kijan mwen ka pare pou vizit tretman yo?

Konsidere fè bagay ki liste anba la a anvan pou w ale nan vizit tretman ou an.

- **Rele davans pou konfime randevou a.** Mande sa ou ta ka **bezwen pote**, oswa sa ou ka bezwen fè pou prepare
- **Òganize transpò** pou ale nan vizit la epi tounen lakay ou
- **Ekri nenpòt kesyon** ou gendwa genyen ak nenpòt sijè ou gendwa vle diskite ak ekip swen ou an (tankou nenpòt bagay ki nouvo, diferan oswa ki deranjew)
- **Kenbe enfòmasyon sou santew** nan yon sèl kote epi pote yo avèk ou nan chak vizit.
- **Pote on bagay pouw fè** pandan w'ap tann oswa pandan w'ap resevwa enfizyon tretman iminoterapi ou yo
- **Pote bakòp** — yon zanmi oswa yon manm fanmi w ki kapab aji kòm yon dezyèm pè zòrèy ak zye nan yon randevou



Pafwa, lè mwen tounen lakay mwen aprè yon randevou, mwen sonje lòt bagay mwen te vle mande. Li ta pi bon si mwen te ekri yo sou yon fèy papyè!

Mwen pran laptòp, liv, triko, mizik, menm yon film pou gade — nenpòt bagay pou mwen pa reflechi sou enfizyon an.



Kisa telemedsin ye?

Telemedsin se lè oumenm ak doktèw wè ak pale youn ak lòt grasa yon òdinatè, tablèt oswa telefòn entèlijan. Li gendwa gen ladanl kominikasyon ak ekip swen ou an atravè tèks, mesaj dirèk oswa fich sante anliy.

Plis tan te pase, se plis telemedsin te vin pi kouran pou simonte obstak pou vizit yo. Li ka itil nan chak etap eksperyans la, depi nan dyagnostik la jiska tretman an, epi pou vizit apre ou te fini ak swen pou kansè a.

Kisa ki posib pou fè ak telemedsin la?

Ou kapab fè anpil nan menm bagay yo pandan yon vizit telemedsin ak sa ou ta fè fas-a-fas, lè w chita ak yon doktè oswa ekip swen ou an, ki gen pou wè ak pati nan egzamen fizik la.

Pandan yon apèl telemedsin, ekip swen ou kapab:

- **Gade** kijan ou ye epi wè si gen nenpòt anflemyasyon oubyen koulè wouj.
- **Tande** si w'ap touse oswa si ou gen difikilte pou respire
- **Pataje** imaj eskanè ou nan imèl oswa sou ekran òdinatè
- **Bay** sipò emosyonèl ak plis toujou

Ekip swen ou lan kapab montrew tou kijan pou pran mezi batman kè w, tansyon ou ak tanperatiw ak aparèy ou gen lakay ou. Yo kapab montre kijan pouw fè lòt pati nan egzamen fizik la tou.



Di ekip swen ou lan kisa oumenm oswa moun k ap okipew lan gendwa alèz pou aprann fè pandan apèl la.

Ki avantaj telemedsin bay?

Telemedsin gendwa pèmèt ou:

- Santi w **pi rilaks** lè ou lakay ou
- **Montre doktè a kijan w'ap fè aktivite toulejou ou yo**
- Fè **moun k ap baw swen, fanmiw oswa zanmiw yo patisipe** nan yon apèl telemedsin menmsi yo abite lwen
- **Ou pa bezwen deplase okenn kote**, espesyalman si ou gen anpil randevou
- **Ou pa bezwen gen preyokipasyon osijè gadri timoun** lètoulde paran yo dwe prezan nan randevou yo
- Yo ka egzaminew nan yon randevou telemedsin pou **pwoblèm ki ijan**
- Itilize telemedsin pou **vizit entwodiksyon** anvan ou deside ki doktè ki bon pou w
- Mande ekip swen ou an **kesyon aprè vizit yo**
- **Gade imaj eskanè w yo** lè yo vin disponib
- Vin pi aktif nan swen ou lè ou **apran fè sèten pati nan egzamen fizik la** oumenm

Anpil pasyan pa menm konnen ke telemedsin se yon chwa pou yo. Sèten pasyan preyokipe paske l'ap difisil pou konprann kijan pou itilize teknoloji sa a. Lòt pasyan toujou gen enkyetid ke san egzamen fizik la, doktè a gendwa pa wè yon bagay.



Pale ak ekip swen ou osijè avantaj ak enkonvenyan nan telemedsin ansanm ak nenpòt preyokipasyon ou genyen.



Kijan mwen ka pare pou vizit telemedsin yo?


Li enpòtan pou gen yon bon enstalasyon pou viit telemedsin la. Plis ou prepare byen, se plis vizit ou pral dewoule san pwoblèm. Li ka itil pouw pale ak ekip swen ou an pou preparew pou vizit telemedsin yo lè w'ap konfime randevouw lan.

Konsidere fè bagay yo ki liste anba a kèk jou anvan vizit telemedsin lan:

- **Mande ekip swen an ki aparèy ou gendwa bezwen.** Li ka posib pou ou prete yon aparèy nan men ekip swen ou an.
- **Mande ekip swen ou an ki teknoloji ou gendwa bezwen telechaje,** epi aparèy ou pral mache ak aplikasyon ou bezwen itilize a pou apèl telemedsin la
- **Mande ekip swen ou an pou anboche yon entèprèt** pou patisipe nan apèl la si ou bezwen youn
- **Ekri nenpòt kesyon** ou ka genyen epi nenpòt sijè ou ta renmen diskite pou w pa bezwen enkyete pou ou pa bliye yo lè w'ap pale nan televizit la
- **Envite yon moun k'ap baw swen, yon manm fanmi oswa yon zanmi patisipe nan apèl la** menmsi yo lwen. Sèten moun k'ap okipe moun ki malad oswa ki granmoun kapab edew konprann teknoloji a ak pozisyon kamera a pou montre efè segondè, si ou pa kapab fè li pou kont ou

Pou pibon enstalasyon an, jwenn yon ti kote lakay ou ki kalm ak prive pouw kapab konsantre pou pale ak doktè w. Men yon lis verifikasyon itil pou enstalasyon lakay ou:

- Metew nan yon **kote ki byen klere.** Ou kapab gen yon flach bòkot w tou
- Mete **kamera a pi pre nivo zyew mezi ou kapab**
- Mete **rad ki pa sere** pou kapab montre nenpòt efè segondè
- Lè ou itilize yon **telefòn oubyen yon tablèt, plase li sou liv pou leve li** pou men ou kapab rete lib
- Pare **kesyon ou yo, remak ak yon plim**
- Chita nan yon **chèz ki estab**



Kisa eksperyans mwen pral sanble apre mwen fini ak tretman mwen an?

Eksperyans chak moun apre tretman an pral diferan. Men kèk bagay ki ka vin enpòtan pou w apre ou fini tretman ou an.



Mwen konsantre kounye a pou mwen rekòmanse aji antanke yon mari. Mwen pa vle madanm mwen kontinye wè m kòm pasyan. Mwen santi mwen gen enèji ki rete nan mwen apre plizyè ane mwen t'ap resevwa tretman. M'ap travay pou rekòmanse viv nòmalman epi reprann kontak ak zanmi mwen yo.

Pou tretman mwen, mwen te fè yon operasyon epi yon iminoterapi touswit apresa. Apresa, lè mwen te wè doktè premye swen mwen pou yon tchèkòp jeneral, se te mwen ki te esplike li eksperyans iminoterapi mwen. Sa te ban mwen kouraj pou pataje istwa mwen ak zòt yo.



Menmsi 4 lane pase depi mwen te resevwa tretman, mwen kontinye santim angwase chak fwa mwen dwe vini pou fè eskanè swivi. Mwen an kontak ak gwoup sipò anliy, epi nou ede youn lòt jere santiman sa yo nou rele "pè eskanè a".

Mwen te fini tretman mwen plizyè ane de sa, men mwen toujou gen efè segondè ki dire lontan. Mwen kontinye kontwole efè segondè mwen yo epi pale ak doktè mwen touswit.



Sa te toujou enpòtan pou mwen pou rakonte istwa mwen, eksperyans mwen ak tretman iminoterapi. Kounye a, mwen yon defansè dwa pasyan epi madanm mwen pale sou eksperyans li antanke moun k'ap bay swen.

Konprann eksperyans sivivan kansè yo

Paj ki annapre yo pral reponn kesyon sila yo:

- **Kisa siviv kansè ye?**
- **Ki eleman ki genyen nan siviv kansè?**
- **Kisa yon plan swen siviv ye?**
- **Poukisa mwen bezwen yon plan swen siviv?**

Kisa siviv kansè ye?

Pwosesis pou viv ak kansè, pandan ou gen kansè ak apre kansè, depi nan moman dyagnostik la, tretman rive nan swivi, se sa yo konn rele “siviv kansè”. Moun ki gen kansè ap viv pi lontan pase anvan, epi yo gen nouvo bezwen ki diferan kounye a.

Anpil moun ki gen kansè kounye a konsidere se konbatan ak sivivan yo ye.



Pou mwen, siviv kansè a te kòmanse lè mwen te resevwa dyagnostik la. Pou mwen pa dezespere, mwen te kòmanse wè tèt mwen kòm yon konbatan.

Pou mwen, siviv kansè se te eseye jwenn yon fason pou viv pandan tretman iminoterapi a epi kontinye aji tankou yon papa.



Pou mwen, siviv kansè se te pa soufri an silans mwen konprann kijan mwen te ka jwenn èd pou jan mwen te santim lan.

Pran yon moman pou reflechi sou sa **siviv kansè vle di pou ou**.

Ki eleman ki genyen nan siviv kansè?

Chak moun k ap viv ak kansè se inik e li gen diferan bezwen ak defi pandan eksperyans li ak siviv kansè a.

Siviv kansè kapab gen anpil eleman ki enpòtan pou vi ou. **Sèten pral gen plis enpòtans pou ou nan moman dyagnostik la, pandan gen lòt ki pral enpòtan nan fen tretman ou an.**



Pale ak ekip swen ou an osijèeleman siviv kansè ki enpòtan pou ou kounye a.

Men kèk eleman koman pou demare konvèsasyon ou epi konprann kisa siviv siyifi pou ou:

- **Byennèt emosyonèl** ak fason w'ap santiw chak jou
- **Egzèsis** ak fason w'ap manje
- **Konsèy fanmi an** ak wòl ou kòm paran oswa granparan
- **Sante seksyèl**
- Kontinye oswa rekòmanse **travay**
- Re-dekouvri **relasyon ak zanmi epi fanmi**
- **Previzyon finansye** ak pri swen
- **Byennèt espiryèl**
- Ranfòse relasyon ou ak **doktè swen primè (primary care physician, PCP) ou an**



Sa ki te pi enpòtan pou mwen te chanje plizyè fwa pandan eksperyans mwen ak kansè epi ak iminoterapi.

Mwen te toujou pale ak ekip swen mwen an konsènan eleman siviv yo ki te enpòtan pou mwen.

Kisa yon plan siviv swen ye?

Yon plan swen siviv se yon zouti pou ede onkolojis ou an, doktè swen primè ak lòt manm ekip swen ou an travay avèk ou pou ofri pi bon swen pou bezwen medikal, fizik, emosyonèl, mantal, sosyal ak espirityèl ou yo, menm apre tretman ou fini.

Poukisa mwen bezwen yon plan swen siviv?

Li enpòtan pou tout ekip swen ou an nèt paske **sa ede tout manm ekip swen an kominike avèk ou epi ak youn lòt osijè swen ou yon fason ki konplè**. Epitou li enpòtan antanke dokiman **moun k'ap baw swen ak fanmiw kapab itilize pou konnen tout eksperyans swen ou an**, espesyalman si ou pa kapab esplike li ou menm.

Yon plan swen siviv pou tretman iminoterapi gendwa gen ladanl:

- **Tout eleman siviv kansè yo** ki pi enpòtan pou yo, ki gen ladanl byennèt emosyonèl, asirans, jere relasyon, sante seksyèl ak plis toujou
- **Enfòmasyon kontak yo** pou tout ekip swen ou an nèt, ki gen ladanl moun yo k'ap baw swen tou
- **Detay sou tretman iminoterapi ou an** ak nenpòt tretman kansè ou te resevwa oswa w'ap resevwa
- Kijan **yo te jere efè segondèw yo**, ki gen ladanl sa ki te mache ak sa ki pat mache
- Kisa **swiviw** gendwa sanble apre tretman an

Byennèt emosyonèl

Paj ki annapre yo pral reponn kesyon sila yo:

- **Èske li nòmal pou mwen santim konsa?**
- **Kisa mwen kapab fè pou mwen ka sipòte?**
- **Kisa mwen kapab fè pou swiv santiman mwen yo?**
- **Ak kimoun mwen kapab pale pou jwenn plis sipò?**
- **Kijan mwen kapab kenbe byennèt jeneral mwen?**

Èske li nòmal pou mwen santim konsa?

Viv ak kansè kapab trè difisil emosyonèlman. **Santiman ou santi yo se repons ki nòmal fas ak eksperyans sa a ki chanje lavi moun.**

Pafwa, ou kapab sipòte santiman sa yo pou kont ou, men gen fwa ou gendwa vle jwenn èd nan men lòt moun. Sonje ou se yon èt imen tou, ou pa yon pasyan sèlman. **Ou pap goumen kont kansè pou kont ou.**

Kisa mwen kapab fè pou mwen ka sipòte?

Byennèt emosyonèl, mantal, fizik ak espirityèl, yo tout enpòtan menm jan. Pou okipe tèt ou, premye etap se idantifye kijan ou santiw.



Mwen renmen ekri nan jounal entim mwen epi medite pou retire estrès nan lespri mwen. Li enpòtan pou pran tan fè oto-refleksyon.

Konsidere pran titan chak semèn pou reflechi sou:

- Kijan w'ap kenbe **relasyonw** ak lòt moun
- **Emosyon** w'ap santi yo (bon oswa pa bon)

Kisa mwen kapab fè pou swiv santiman mwen santi yo?

Detanzantan, sèvi ak lis oto-refleksyon ki anba a pou edew wè ki jan w'ap pwogrese. Fè kopi paj sa a.

Nan 7 jou ki sot pase yo:

Mwen te santim enkyete...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te santim tris...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te pè...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te santi lespwa...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te fache...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te optimis...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te santi m dezespere...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te gen enèji...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te santi m koupab...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te kontan...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te santi gwo-gwo enkyetid...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te santim fò...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te santim nan refi...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te santi m rekonesan...

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te santi m _____

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Mwen te santi m _____

Jamè Pa anpil fwa Pafwa Souvan Toujou

Konsidere pataje refleksyon sou sa yo ak ekip swen ou an pou demare yon konvèsasyon. Diskite sou santiman ak preyokipasyon ou yo paske sa kapab ede lòt moun konprann kijan yo kapab edew.

Ak kimoun mwen kapab pale pou jwenn plis sipò?

Ou gendwa wè li itil ou pou otorize lòt moun patisipe nan eksperyans ou epi pou aprann de eksperyans pa yo ak konesans yo. **Sa rive trè souvan pou pasyan yo aktif nan kominote yo, pou yo chèche sipò epi pou yo mande èd nan men lòt moun tankou:**

- **Ekip swen yo**
- Lòt **pasyan** iminoterapi parèy ak yo
- **Gwoup sipò** (nan zòn ou oswa anliy)
- Pwofesyonèl tankou **terapis, konseye oswa lidè espartyèl yo**
- **Zanmi ak manm fanmi yo**



Nou konnen moman sa a difisil pou ou. Pa ezite pale avèk nou pou jwenn èd anplis. Nou gendwa kapab montrew lòt resous ki genyen nan zòn ou an oswa sou Entènèt.

Kijan mwen kapab kenbe byennèt jeneral mwen an?

Konsidere fè aktivite yo ki liste anba la a pou pwoteje byennèt jeneral ou. Toujou tcheke ak ekip swen ou an anvan ou kòmanse yon nouvo aktivite.

- Ale **mache fè pwomnad** epi rete deyò nan lè frèch
- **Fè egzèsis**
- Manje **manje ki an sante**
- Fè yon **aktivite ou renmen**
- **Repoze**

Pale ak ekip swen ou an epi jwenn plis enfòmasyon

Paj ki annapre yo pral reponn kesyon sila yo:

- **Kijan poum pale ak ekip swen mwen an?**
- **Ki kalite kesyon mwen kapab mande ekip swen mwen an?**
- **Ki definisyon mwen kapab chèche pou jwenn plis enfòmasyon?**
- **Ki resous anliy ki kapab banmwen plis enfòmasyon konsènan kansè, iminoterapi ak sipò ki disponib?**

Kijan mwen kap pale ak ekip swen mwen an?

Ou gendwa santiw entimide pou pale ak ekip swen ou an epi pou poze kesyon. Pafwa, li difisil tou pou w konprann kisa doktè a di oubyen pou sonje sa ou vle mande ak sa ou vle pale de li.

Men, **poze kesyon se yon fason enpòtan pou adrese bagay ki ka enkyete w.**

Men kèk konsèy pou aprann poze kesyon:

- Reflechi epi ekri sou yon fèy papye sa ou vle mande **anvan** pou w pale ak ekip swen ou an
- Pran nòt oubyen mande si ou kapab **anrejistre vizit la**
- Mande si yon **videyo oubyen yon transkripsyon** apèl telemedsin ou an kapab disponib
- Mande **yon moun kap baw swen, yon manm fanmiw oswa yon zanmi pou yo aji tankou yon dezyèm pè zye ak zòrèy** pandan konvèsasyon ou ak ekip swen ou an
- Si ou pa konprann repons ekip swen ou bay pou kesyon ou poze a, mande yo klarifye repons la. **Pa pè poze plis kesyon pou jwenn enfòmasyon!**

Pou mwen pèsònèlman, li te enpòtan pou m leve kanpe epi vin pwòp pòtpawòl mwen, epi poze **tout** kesyon mwen yo.



Mwen te kontan aprann mwen te kapab imèl kesyon mwen yo bay ekip swen **mwen an pandan vizit mwen yo**. Mwen pat enkyetem sou sonje tout bagay pandan vizit la.



Mande ekip swen ou an kijan pou kominike avèk yo si ou gen plis kesyon aprèvizit ou an.

Ki kalite kesyon mwen kapab poze ekip swen mwen an?

Ou kapab poze **nenpòt kesyon** ou ta renmen. Pou ede w demare, men yon lis kesyon egzanp pou w reflechi sou yo.

KESYON KONSÈNAN IMINOTERAPI

OBSÈVASYON YO

Èske iminoterapi se yon bon chwa pou mwen?

.....

Èske gen iminoterapi ki apwouve pou kansè mwen?

.....

Èske gen yon lòt pasyan mwen ta ka pale avèk li konsènan eksperyans iminoterapi li?

.....

Èske mwen menm oswa patnè fi mwen an ap ka tonbe ansent pandan m'ap fè iminoterapi a?

.....

Ki lòt chwa mwen genyen?

.....

Si pa gen okenn iminoterapi ki apwouve pou kansè mwen an, alòs èske gen yon esè klinik ki gen pou wè ak iminoterapi oswa lòt tip esè klinik ki disponib pou mwen?

.....

KESYON KONSÈNAN BIOMAKÈ YO

OBSÈVASYON YO

Kisa tès biomakè yo ye?

.....

Kisa tès biomakè yo di nou osijè kansè mwen?

.....

**KESYON OSIJÈ FASON
IMINOTERAPI GENDWA UTILIZE
ANSANM AK LÒT TRETMAN**

 **OBSÈVASYON YO**

Èske iminoterapi sa a se pral sèl tretman mwen resevwa? Sinon, ki lòt tretman ki ta ka patisipe nan plan tretman mwen an?

Èske mwen pral gen plis efè segondè toujou si mwen resevwa plis pase yon tip tretman?

Èske mwen pral resevwa tout tretman yo anmenm tan oswa youn apre lòt?

Èske mwen dwe vini plizyè fwa lopital la oswa nan klinik la pou resevwa plizyè tretman oubyen èske yo rive tout nan yon sèl jou?

Èske m'ap pran tout tretman mwen yo nan menm lopital oswa klinik la?

Konbyen tretman diferan mwen kapab resevwa?

Èske mwen kapab pale ak yon moun ki te deja fè plizyè tretman?

Ki kalite rechèch yo te gentan fè sou sa?

KESYON KONSÈNAN PRI YO

 **OBSÈVASYON YO**

Konbyen lajan iminoterapi a pral koute?

Ak kimoun mwen ka pale konsènan pri, pwoteksyon asirans ak peman yo?

**KESYON KONSÈNAN
VIZIT IMINOTERAPI YO**

 **OBSÈVASYON YO**

Konbyen fwa mwen bezwen vini lopital
la oswa nan klinik la pou vizit tretman
iminoterapi mwen yo?

Konbyen tan chak vizit konn pran an jeneral?

Kisa ki rive pandan chak vizit?

Kijan mwen pral resevwa iminoterapi mwen
an (egzanp, yon piki (IV), yon konprime)?

Èske yon moun ta dwe akonpaye mwen pou
chak vizit?

Kijan mwen pral santi mwen apre chak vizit?

Ki moun mwen ka kontakte andeyò lè travay?

Si mwen demenaje, èske mwen kapab
kontinye ak iminoterapi a nan yon lòt lopital
oswa yon lòt klinik?

KESYON KONSÈNAN EFÈ SEGONDÈ YO **OBSÈVASYON YO**

Ki tip efè segondè mwen gendwa santi?

.....

Kilè efè segondè yo konn rive anjeneral?

.....

Ak kimoun mwen ta dwe pale si mwen gen efè segondè?

.....

Kijan m'ap konnen kilè mwen ta dwe rele doktè a epi kilè mwen ta sèlman siveye efè segondè mwen yo?

.....

Si mwen gen pou wè yon doktè ijans (ER) oswa nenpòt lòt pwofesyonèl swen sante, ki sa mwen di yo sou iminoterapi mwen ak efè segondè yo?

.....

KESYON KONSÈNAN TELEMEDSIN **OBSÈVASYON YO**

Mwen pa gen òdinatè; èske mwen kapab fè yon vizit telemedsin kanmenm?

.....

Konbyen tan vizit telemedsin yo pral dire?

.....

Kijan doktè mwen an pral fè yon egzamen fizik si mwen bezwen fè youn?

.....

Èske gen yon lòt vizit fas-a-fas apre vizit telemedsin la?

.....

Ki definisyon mwen kapab gade pou mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Anba la a w'ap jwenn lis mo ak fraz nan gid sa a epi definisyon yo. Ou kapab itilize lis sa a kòm mo pou chèche sans yo pou jwenn plis enfòmasyon sou yo sou Entènèt, pou pale ak gwoup sipòw yo oubyen pou poze ekip swen kesyon sou yo.

Terapi adjuvan se yon kalite tretman ki konbine imunoterapi ak operasyon. Operasyon ka premye tretman an, ki te swiv pa imunoterapi pou ede sistèm iminitèw la atake nenpòt selil kansè ki rete pandan operasyon an.

Siviv kansè se pwosesis pou viv avèk, pandan ak apre kansè, soti depi nan dyagnostik, tretman ak rive nan swivi.

Imino-onkoloji (pafwa yo konn rele li iminoterapi kansè oubyen iminoterapi sèlman) se lè yo sèvi ak medikaman ki gendwa ede sistèm defans kò ou lite kont kansè.

Sistèm defans kò a se fason kòw ap pwoteje selil ansante yo kont enfeksyon ak maladi. Sistèm defans kòw lan kapab anpeche selil ki pa ansante yo grandi san kontwòl.

Terapi neoadjuvan se yon kalite tretman konbinezon imunoterapi ak operasyon. Imunoterapi ka premye tretman pou ede sistèm iminitè w la atake kansè epi fè timè a pi piti. Operasyon ap vini apre.

Terapi perioperativ se yon tip konbinezon tretman iminoterapi plis operasyon. Nan tretman sa a, ou gendwa fè operasyon nan mitan 2 tretman iminoterapi. Ou gendwa kòmanse ak iminoterapi a, apre w'ap fè operasyon an epi apres a ou fè iminoterapi a ankò.

Anksyete eskanè se yon santiman enkyetid oswa detrès ke ou ka santi anvan, pandan, oswa apre yon eskanè pou gade pou kansè ou pandan tretman oswa swivi a.

Plan swen siviv se yon zouti pou ede onkolojis ou, doktè swen primèw ansanm ak lòt manm ekip swen ou pou travay avèk ou pou ba w pibon swen pou bezwen: medikal, fizik, emosyonèl, mantal, sosyal ak espirityèl ou, menm apre lètretmanw lan fini.

MO AK FRAZ MWEN YO

DEFINISYON MWEN YO



Ou toujou kapab mande ekip swen ou an pou li eslike nenpòt mo ou pa fin konprann twò byen.

Ki resous anliy ki kapab ban mwen plis enfòmasyon konsènan kansè, iminoterapi ak sipò ki disponib?

BMS: Eksplòre pouvwa a nan imuno-onkoloji
[immunooncology.com](https://www.immunooncology.com)

American Cancer Society
[cancer.org](https://www.cancer.org)

Bright Spot Network
[brightspotnetwork.org](https://www.brightspotnetwork.org)

Cancer and Careers
[cancerandcareers.org](https://www.cancerandcareers.org)

Cancer Support Community
[cancersupportcommunity.org](https://www.cancersupportcommunity.org)

Cancer Research Institute
[cancerresearch.org](https://www.cancerresearch.org)

CancerCare
[cancercare.org](https://www.cancercare.org)

Caring Bridge
[caringbridge.org](https://www.caringbridge.org)

ClinicalTrials.gov
[ClinicalTrials.gov](https://www.clinicaltrials.gov)

Family Reach
[familyreach.org](https://www.familyreach.org)

Baz done Administrasyon Manje ak Medikaman
Drugs@FDA oswa accessdata.fda.gov/scripts/cder/daf

INSPIRE
[inspire.com](https://www.inspire.com)

Stand Up To Cancer
[standuptocancer.org](https://www.standuptocancer.org)

Yo bay lis resous sa a pou fasilite. Bristol Myers Squibb pa andose epi li pa responsab enfòmasyon òganizasyon twazyèm pati yo bay yo.

Kisa mwen kapab fè apre sa?

- **Konsidere vizite lyen ki liste sou paj anvan an** pou jwenn enfòmasyon osijè kansè, iminoterapi ak sipò.
- **Konsidere prepare pou nenpòt konvèsasyon ak ekip swen ou an,** lè w revize kesyon egzanp yo ki nan gid sa a epi ekri sou yon fèy papye nenpòt kesyon ou ta renmen poze.
- **Konsidere faktè nan pwòp lavi ou** ki ka afekte lèw resevwa iminoterapi, epi kòmanse planifye fason pou jwenn plis kontwòl sou lavi ou ak tretman.

